

BAB III

MÉTODE PANALUNGTIKAN

3.1 Méthode Panalungtikan

Méthode nya éta runtuyan atawa léngkah-léngkah pikeun ngaréngsékeun pasualan. Ku ayana méthode nu sistematis, panalungtikan nu dilaksanakeun teu méngpar kaluar galur, nu antukna hasil tina éta panalungtikan bakal meunangkeun hasil nu saluyu jeung udaganana. Fungsi méthode dina panalungtikan nurutkeun Ratna (2015, kc. 34) nya éta pikeun ngabasajankeun pasualan-pasualan ngagunakeun analisis data, napsirkeun, nepi ka nyindekkeun hasil panalungtikanana. Saluyu jeung pamadegan Siswantoro (2010, kc. 55-56) yén méthode téh nya éta cara nu dipaké dina panalungtikan ilmiah, méthodena kudu dilaksanakeun sacara sistematis dumasar kana runtuyan léngkah-léngkah panalungtikanana. Dina panalungtikan anu sipatna ilmiah, méthode nu dipaké kudu luyu jeung pangabutuh panalungtikanana. Pangabutuh panalungtikan bisa ditilik tina objékna, ulikan panalungtikanana jeung udagan nu hayang dihontalna.


Dina ieu panalungtikan, méthode nu digunakeun nya éta méthode déskriptif analitik nu mangrupa gabungan tina méthode analisis jeung méthode déskriptif. Méthode déskriptif kaasup kana panalungtikan kualitatif, lantaran ayana prosés analisis data ngagunakeun téori nu saluyu jeung pasualan nu ditalungtikna. Satuluyna, méthode analitik cocog dipaké dina panalungtikan karya sastra lantaran pikeun maham karya nu ditalungtik téh kudu ngagunakeun analisis. Méthode déskriptif analitik mangrupa méthode panalungtikan nu pedarana dimimitian ku nganalisis, tuluy ngadéskripsikeun objék nu ditalungtikna. Dina panalungtikan ngagunakeun méthode déskriptif, nurutkeun Ratna (2015, kc.53) dimimitian ku ngadéskripsikeun fakta atawa data-data kalawan rinci nu satuluyuna éta data téh dianalisis. Éta méthode téh dipaké pikeun ngadéskripsikeun sajak-sajak dina buku kumpulan sajak *Di Taman Larangan* karya Surachman RM, ngagunakeun analisis struktur lahir jeung batin.

Pamarekan nu dilarapkeun dina nganalisis struktur lahir jeung batin ieu sajak nya éta pamarekan struktural. Ieu pamarekan dipilih pikeun nganalisis struktur lahir jeung batin nu nyangkaruk dina sajak-sajakna. Anapon struktur lahir nu dipaluruh téh nya éta diksi, imaji, kecap kongkrit, gaya basa, jeung purwakanti. Ari struktur batin nu dipaluruh ngawengku téma, rasa, nada, jeung amanat.

3.2 Desain Panalungtikan

Panalungtikan ilmiah kudu dilaksanakeun kalawan sistematis saluyu jeung runtuyan léngkah-léngkah panalungtikanana. Sarua jeung panalungtikan ilmiah séjénna, panalungtikan kana karya sastra ogé ngagunakeun métode anu sistematis. Saméméh panalungtikan dilaksanakeun, nu nalungtik kudu ngararancang eula desain panalungtikanana. Desain panalungtikan kudu aya samémé ngalaksanakeun panalungtikan sangkan panalungtikan téh bisa dilaksanakeun kalawan sistematis jeung udagan tina panalungtikanana bisa kahontal. Desain panalungtikan nurutkeun Mukhtar (2013, kc. 39) nya éta gambaran prosés panalungtikan nu rék dilaksanakeun. Ieu di handap dipedar desain panalungtikan saperti kieu.

Bagan 3.2
Desain Panalungtikan



3.3 Téhnik Panalungtikan

Derizda Sridaryanti, 2021

*ANALISIS STRUKTUR LAHIR JEUNG BATIN DINA KUMPULAN SAJAK
DI TAMAN LARANGAN KARYA SURACHMAN RM*

Universitas Pendidikan Indonesia | repository.upi.edu | perpustakaan.upi.edu

3.3.1 Téhnik Ngumpulkeun Data

Téhnik mangrupa cara atawa prosedur nu kudu dilakonan sangkan udagan tina panalungtikan bisa kahontal. Data dina ieu panalungtikan dipaluruh ngagunakeun téhnik panalungtikan studi pustaka jeung katégorisasi data. Téhnik studi pustaka hartina ngumpulkeun data tina dokumén atawa buku-buku nu jadi objék dina panalungtikan nu dina ieu panalungtikan mah nu jadi objékna nyaéta buku kumpulan sajak *Di Taman Larangan* karya Surachman RM. Nu saterusna nya éta katégorisasi data ku cara ngawilah-wilah data dumasar unsur lahir jeung unsur batinna. Katégoriasi sajak dumasar kana struktur lahirna, ngawengku diksi, imaji, kecap kongkrit, majas jeung purwakanti. Ari dumasar kana struktur batinna ngawengku téma, nada, rasa jeung amanat.

3.3.2 Téhnik Ngolah Data

Dina ieu panalungtikan, data diolah ngagunakeun téhnik analisis. Téhnik analisis data nya éta cara nuliskeun hasil panalungtikan dina wangun déskriptif. Ieu téhnik dipaké pikeun nganalisis data nu aya dina buku kumpulan sajak *Di Taman Larangan* karya Surachman RM dumasar kana ulikan struktur lahir sajak konsép Alton C. Morris jeung struktur batin sajak konsép I.A Richards. Téhnik analisis data nu saterusna dipedar kalawan déskriptif, dipiharep bisa ngadéskripsikeun kalawan jéntré unsur-unsur struktur lahir jeung struktur batin nu nyangkaruk dina unggal sajak *Di Taman Larangan* karya Surachman RM.

3.4 Instrumén Panalungtikan

Instrumén panalungtikan mangrupa alat nu dipaké dina panalungtikan nu fungsina pikeun ngahimpun data nu jadi udagan dina panalungtikan. Luyu jeung Arikunto (2013, kc. 150) nu nétélakeun yén instrumén téh mangrupa alat nu digunakeun ku panalungtik pikeun ngumpulkeun data dina panalungtikan. Ayana instrumen téh jadi dadasar dina ngumpulkeun data, dipakéna instrumén téh sangkan gampang dina ngahimpun data. Dina ieu panalungtikan, instrumén nu dipaké nya éta kartu data.

Kartu data mangrupa instrumén nu jadi padoman panalungtik pikeun nuliskeun data nu kapanggih. Ku ayana kartu data, data nu kapaluruh ku panalungtik tina objék panalungtikanana, gampang pikeun dikatégorisasikeun jeung dianalisis. Format kartu data anu dipaké dina ieu panalungtikan aya dua rupa nyaéta format karyu data pikeun instrumén ngumpulkeun data jeung format kartu data pikeun instrumén ngolah data.

3.4.1 Instrumén Ngumpulkeun Data

Format kartu data anu dipaké pikeun ngumpulkeun data dina ieu panalungtikan nyaéta saperti kieu.

1) Format Tabél Data Sajak

Data Sajak

Tabél 3.1

No.	Judul Sajak	Kode Sajak

2) Format Tabél Struktur Lahir

Diksi dina Kumpulan Sajak *Di Taman Larangan*

Tabél 3.2

No.	Kode Data	Diksi	Cutatan

Imaji dina Kumpulan Sajak *Di Taman Larangan*

Tabél 3.3

No.	Kode Data	Imaji	Cutatan

Kecap Kongkrit dina Kumpulan Sajak *Di Taman Larangan*

Tabél 3.4

No.	Kode Data	Kecap Kongkrit	Cutatan

Gaya Basa dina Kumpulan Sajak *Di Taman Larangan*

Tabél 3.5

No.	Kode Data	Cutatan	Gaya Basa

Purwakanti dina Kumpulan Sajak *Di Taman Larangan*

Tabél 3.6

No.	Kode Data	Purwakanti

3) Format Tabél Struktur Batin

Téma dina Kumpulan Sajak *Di Taman Larangan*

Tabél 3.7

No.	Kode Data	Téma	Cutatan

Rasa dina Kumpulan Sajak *Di Taman Larangan*

Tabél 3.8

No.	Kode Data	Rasa	Cutatan

Nada dina Kumpulan Sajak *Di Taman Larangan*

Tabél 3.9

No.	Kode Data	Nada	Cutatan

Amanat dina Kumpulan Sajak *Di Taman Larangan*

Tabél 3.10

No.	Kode Data	Amanat

3.4.2 Instrumén Ngolah Data

Format kartu data anu dipaké pikeun ngolah data dina ieu panalungtikan nyaéta saperti kieu.

Kartu Data Analisis Struktur Lahir Sajak

Analisis Struktur Lahir
Diksi
Judul : Keur Nu Lawas Kapopohokeun
Sakiceup KNLK/02/08
Diksi nu dipaké ku panyajak dina sajak nu judulna “Keur Nu Lawas Kapopohokeun” nya éta aya kecap sakiceup. Sakiceup asalna tina kecap kiceup nu ditambahan ku rarangkén hareup sa-. Ieu kecap ditilik tina harti léksikalna nya éta beunta peureum tuluy beunta deui. Ari dina ieu sajak, kecap sakiceup nuduhkeun kana waktu kani'matan hirup nu ngan sakeudeung.

Analisis Struktur Lahir
Imaji
Judul : Prabu Pandu Reujeung Déwi Madrim
Soca PPRDM/04/11
Kecap soca hartina mata. Ieu kecap, kaasup kana imaji panénjo atawa imaji visual.

Analisis Struktur Lahir
Kecap Kongkrit
Judul : Keur Nu Lawas Kapopohokeun
Dunya KNLK/02/08
Kecap dunya hartina nya éta kabéh nu aya di bumi

Derizda Sridaryanti, 2021

*ANALISIS STRUKTUR LAHIR JEUNG BATIN DINA KUMPULAN SAJAK
DI TAMAN LARANGAN KARYA SURACHMAN RM*

Universitas Pendidikan Indonesia | repository.upi.edu | perpustakaan.upi.edu

Analisis Struktur Lahir
Gaya Basa
Judul : Keur Nu Lawas Kapopohokeun
Kitu waé tarung ngalawan waktu jeung kahariwang KNLK/02/08
Kecap tarung dina ieu sajak, kaasup kana gaya basa mijalma. Lantaran kecap tarung hartina nya éta gelut papuket bari ngadu tanaga jeung kakuatan. Ieu kecap téh kaasup kana kecap pagawéan nu ilahar dipigawé ku jelema.

Analisis Struktur Lahir
Purwakanti
Judul : Prabu Pandu Reujeung Déwi Madrim
Naha kudu dadak sakala PPRDM/04/11
Dina ieu sajak aya purwakanti nu dipaké ku panyajak nya éta purwakanti maduswara atawa ayana sasaran sora vokalna . Katitén dina kalimah <i>Naha kudu dadak sakala</i> , sora vokal nu sarua téh nya éta a-a.

Analisis Struktur Lahir
Purwakanti
Judul : Prabu Pandu Reujeung Déwi Madrim
Naha kudu dadak sakala PPRDM/04/11
Dina ieu sajak aya purwakanti nu dipaké ku panyajak nya éta purwakanti maduswara atawa ayana sasaran sora vokalna . Katitén dina kalimah <i>Naha kudu dadak sakala</i> , sora vokal nu sarua téh nya éta a-a.

Kartu Data Analisis Struktur Batin Sajak

Analisis Struktur Batin
Téma

Derizda Sridaryanti, 2021

**ANALISIS STRUKTUR LAHIR JEUNG BATIN DINA KUMPULAN SAJAK
DI TAMAN LARANGAN KARYA SURACHMAN RM**

Universitas Pendidikan Indonesia | repository.upi.edu | perpustakaan.upi.edu

Judul : Keur Nu Lawas Kapopohokeun
Jasmaniah PPRDM/04/11
Téma dina sajak “Nu Keur Lawas Kapopohokeu” nyaéta ngeunaan jasmaniah. Katitén dina ieu sajak nyaritakeun tokoh “kuring” nu keur ngarasa hanjakal lantaran geus milampah pagawéan teu hadé nepi ka jelema nu dipikanyaahna nyaéta tokoh “anjeun” ku tokoh “kuring” diantep. Antukna tokoh “kuring” ngarasa leungiteun tokoh “anjeun”.

Analisis Struktur Batin
Rasa
Judul : Keur Nu Lawas Kapopohokeun
Kapeurih kasusah kuring mah palias ulah kapanggih (Rasa Sedih) KNLK/02/08
Kalimah “Kapeurih kasusah kuring mah palias ulah kapanggih” ngabalukarkeun pamaca ngarasa sedih kana kaayaan tokoh “kuring” dina ieu sajak.

Analisis Struktur Batin
Nada
Judul : Prabu Pandu Reujeung Déwi Madrim
Kitu waé tarung ngalawan waktu jeung kahawirang (Hariwang) PPRDM/04/11
Ieu sajak ditulis ku ayana kahariwang dina haté panyajak lantaran geus milampah pagawéan nu teu hadé jeung geus mopohokeun jelema nu jungsi dipikadeudeuhna.

Analisis Struktur Batin
Amanat
Judul : Keur Nu Lawas Kapopohokeun

Derizda Sridaryanti, 2021

*ANALISIS STRUKTUR LAHIR JEUNG BATIN DINA KUMPULAN SAJAK
DI TAMAN LARANGAN KARYA SURACHMAN RM*

Universitas Pendidikan Indonesia | repository.upi.edu | perpustakaan.upi.edu

PPRDM/04/11

Saméméh milampah pagawéan, kudu dibeuweug diutahkeun, kudu nyaho hadé goréngna sangkan teu ngarandapan hal nu teu dipikahayang.

3.5 Data jeung Sumber Data

3.5.1 Data

Data nya éta sakabéh informasi tina hasil panalungtikan. Dina ieu panalungtikan, nu disebut data téh nya éta struktur lahir jeung struktur batin nu nyangkaruk dina sajak nu aya dina buku kumpulan sajak *Di Taman Larangan* karya Surachman RM. Data struktur lahir ngawengku diksi, imaji, kecap kongkrit, gaya basa, jeung purwakanti. Ari data struktur batinna ngawengku téma, rasa, nada, jeung amanat.

3.5.2 Sumber Data

Sumber data mangrupa asal data atawa asal objék nu rék ditalungtik. Luyu jeung pamadegan Arikunto (2013, kc. 129) yén sumber data dina panalungtikan nya éta timana asalna objék data nu rék ditalungtik. Dina nantukeun sumber data, kudu niténan judulna heula. Dina ieu panalungtikan, judulna nya éta “Analisis Struktur Lahir jeung Batin dina Kumpulan Sajak *Di Taman Larangan* Karya Surachman RM”. Ku kituna, garapanana museur kana analisis struktur lahir jeung batin nu nyangkaruk dina unggal sajakna. Dumasar kana éta pedaran, sumber data dina ieu panalungtikan nya éta sajak-sajak nu aya dina buku kumpulan sajak *Di Taman Larangan* karya Surachman RM nu lobana 57 judul sajak.

Sajak dina buku kumpulan sajak *Di Taman Larangan* karya Surachman RM, ditilik tina judul unggal sajakna, judul nu dipaké kabagi jadi tilu nya éta judul nu aya patalina jeung ngaran tempat lobana 34 sajak, judul nu aya patalina jeung sajarah aya 5 sajak, jeung judul nu aya patalina jeung urusan haté aya 18 sajak. Sangkan pedaran analisis sajak leuwih teleb, sajak nu dianalisis diwakilan ku sababaraha sajak wungkul atawa disebut sampel. Sampel nurutkeun Semi (1990, kc. 40) nya éta sababaraha objék nu aya dina populasi. Ari populasi nya éta himpunan pangedéna tina objék nu rék ditalungtik. Kasang tukang ayana sampel

Derizda Sridaryanti, 2021

**ANALISIS STRUKTUR LAHIR JEUNG BATIN DINA KUMPULAN SAJAK
DI TAMAN LARANGAN KARYA SURACHMAN RM**


Universitas Pendidikan Indonesia | repository.upi.edu | perpustakaan.upi.edu

dina ieu panalungtikan téh lantaran objék panalungtikanana loba. Ku lobana objék panalungtikan, bisa ngalantarankeun héngkérna hasil analisis lantaran teu pati teleb. Ku kituna, sangkan hasil analisis bisa nyumponan udagan panalungtikan, bakal leuwih hadé lamun objék panalungtikan diwakilan ku sababaraha objék wungkul nu jadi sampel.

Téhnik pikeun nangtukeun sampel dina ieu panalungtikan nya éta téhnik *random sampling* ku cara *ordial*. Cara *ordial* dina téhnik *random sampling* nurutkeun Semi (1990, kc. 43) nya éta nangtukeun lobana sampel dumasar kana pangabutuh panalungtikan ku cara ngaruntuykeun objék panalungtikan jeung méré nomor kana unggal objékna. Dina ieu panalungtikan, sajak nu dijadikeun sampel nya éta sajak-sajak nu nomer urutanana jangkep. Sajak nu nomerna jangkep ngawengku 13 sajak nu aya patalina jeung ngaran tempat, 3 sajak nu aya patalina jeung sajarah, jeung 12 sajak nu aya patalina jeung urusan haté. Ku kituna, sajak nu bakal dianalisis dianggap bisa ngawakilan sajak nu lianna. Salian ti éta, dina ieu buku aya sajak nu judulna *Di Taman Larangan* salaku sajak inti dina ieu buku urutanana aya dina nomer jangkep nya éta urutan ka 32. Anapon sajak nu kapilih téh jumlahna 28 judul sajak nya éta “Keur Nu Lawas Kapopohokeun”, “Prabu Pandu Reujeung Déwi Madrim”, “Taman Pasososré”, “Dunia Fantasi Jakarta II”, “Jungjunan Jungjunan”, “Bénténg Tiongkok”, “Kula Jadi Raja Sulaéman”, “East Coast Lagoon”, “Coralarium”, “Saréwu Kukupu”, “Aurora Boréalís”, “Ngalenyepan Lukisan”, “Sanés di Andalusia”, “Cukilan Kayu Utagawa Hirusigé”, “Origami”, “Di Taman Larangan”, “Saucap Ngaran”, “Ngalamun Bari Ngopi”, “Malipir Basisir”, “Lalampahan”, “Basa di Nara”, “Underground Atlanta”, “Nyawang ti Mumunggang”, Mijah Sakali. Ti Dinya...”, “Satapak Jalan ka Pasir”, “Sampiung”, “Beubeulahan Langit Pongpok Buana”, jeung “Karéta Panungtungan”.

3.5.2.1 Buku Kumpulan Sajak *Di Taman Larangan* Karya Surachman RM

Anapon data dina ieu panalungtikan nyaéta sajak-sajak dina buku kumpulan sajak *Di Taman Larangan* karya Surachman RM, kalayan idéntitas:



Judul Buku : *Di Taman Larangan*

Pangarang : Surachman RM

Panerbit : PT Kiblat Buku Utama

Taun Terbit : 2012

Kandel Buku : 74 Kaca

Ukuran Buku: 14,2 x 20,8 cm

Gambar 3. 1

Dina jilid buku karya sastra ilaharna sok aya ilustrasi nu aya patalina jeung judul atawa carita dina eusi bukuna. Kitu ogé dina ieu buku kumpulan sajak, ilustrasina mangrupa gambar leuweung atawa taman saluyu jeung judulna. Sanajan eusi sajakna teu kabéh ngeunaan leuwueng, taman atawa alam. Ari jilid tukangna polos warna bodas, ngan aya tulisan 8 jajar nu eusina nyaritakeun sacara singget ngeunaan sajak nu aya dina ieu buku.

Kaca kahiji, aya pangjajap nu eusina medar ngeunaan pangarang ieu buku nya éta Maman Surachman Radéa. Ti mimiti babarna, riwayat hirup, riwayat atikana, karua-karyana, jeung préstasi anu pernah dicangkingna. Dina kaca kadua ditulis katerangan yén ieu buku mangrupa *Hadiah Emas keur Tuty Suryati*. Dina kaca katilu, aya tulisan judul, panyajak jeung panerbit. Dina kaca kaopat, aya tulisan judul, panyajak jeung katerangan ngeunaan wedalna ieu buku. Ari dina kaca kalima jeung kagenep, aya daftar eusi ieu buku. Kaca katujuh nepi ka kaca 74, ditulis sajak-sajak nu jumlahna aya 57 judul sajak.

Tina sakabéh sajak nu aya dina ieu buku, sajakna kaasup kana sajak modéren. Pangna disebut sajak modéren lantaran teu kauger ku aturan nu tangtu, saperti aturan guru lagu atawa guru wilangan. Judul-judul sajakna diwincik saperti kieu.

Tabel 3.11

Data Sajak dina Buku Kumpulan Sajak
Di Taman Larangan karya Surachman RM

No.	Judul Sajak	Kode Sajak (1)/(2)/(3)	Kat.
1.	Leuweung	L/01/07	Teu Dianalisis
2.	Keur Nu Lawas Kapopohokeun	KNLK/02/08	Dianalisis
3.	Sabada Cacarakan	SC/03/10	Teu Dianalisis
4.	Prabu Pandu Reujeung Déwi Madrim	PPRDM/04/11	Dianalisis
5.	Deukeut Kebon Apel	DKA/05/12	Teu Dianalisis
6.	Taman, Pasesoré	TP/06/13	Dianalisis
7.	Dunia Fantasi, Jakarta I	DFJI/07/14	Teu Dianalisis
8.	Dunia Fantasi, Jakarta II	DFJII/08/16	Dianalisis
9.	Sajak Keur Bandung	SKB/09/17	Teu Dianalisis
10.	Jungjunan, Jungjunan	JJ/10/18	Dianalisis
11.	Ruruntuk Halteu	RH/11/19	Teu Dianalisis
12.	Bénténg Tiongkok	BT/12/20	Dianalisis
13.	Piramida Gizéh	PG/13/21	Teu Dianalisis
14.	Kula Jadi Raja Sulaéman	KJRS/14/22	Dianalisis
15.	Crocodilarium	Cr/15/23	Teu Dianalisis
16.	East Coast Lagoon	ECL/16/24	Dianalisis
17.	Gillman Heights	GH/17/25	Teu Dianalisis
18.	Coralarium	Co/18/26	Dianalisis
19.	Pasir Panjang	PP/19/27	Teu Dianalisis
20.	Saréwu Kukupu	SK/20/28	Dianalisis
21.	Putri Duyung Sosoca Kota	PDSK/21/29	Teu Dianalisis
22.	Aurora Boréalis	AB/22/30	Dianalisis
23.	Pasesoré ka Provinsi Drénté, Nederland	PPDN/23/31	Teu Dianalisis

Derizda Sridaryanti, 2021

**ANALISIS STRUKTUR LAHIR JEUNG BATIN DINA KUMPULAN SAJAK
 DI TAMAN LARANGAN KARYA SURACHMAN RM**

Universitas Pendidikan Indonesia | repository.upi.edu | perpustakaan.upi.edu

24.	Ngalenyepan Lukisan	NL/24/33	Dianalisis
25.	“Panorama Mésdag” di Dén Haag	PMDH/25/34	Teu Dianalisis
26.	Sanés di Andalusia	SA/26/35	Dianalisis
27.	Catetan di Nikko	CN/27/37	Teu Dianalisis
28.	Cukilan Kayu Utagawa Hirushigé	CKUH/28/39	Dianalisis
29.	Sakura Deukeut Jandéla	SDJ/29/40	Teu Dianalisis
30.	Origami	O/30/41	Dianalisis
31.	Haiku II	H/31/42	Teu Dianalisis
32.	Di Taman Larangan	DTL/32/43	Dianalisis
33.	Bulan Nu Wungu	BNW/33/45	Teu Dianalisis
34.	Saucap Ngaran	SN/34/46	Dianalisis
35.	Di Minnesota	DM/35/47	Teu Dianalisis
36.	Ngalamun Bari Ngopi	NBN/36/48	Dianalisis
37.	Dina Tanjakan	DT/37/49	Teu Dianalisis
38.	Malipir Basisir	MB/38/50	Dianalisis
39.	Basa Ngurebkeun	BN/39/51	Teu Dianalisis
40.	Lalampaan	L/40/52	Dianalisis
41.	Supata	Su/41/53	Teu Dianalisis
42.	Basa di Nara	BN/42/54	Dianalisis
43.	Georgia Dome, 1993	GD/43/55	Teu Dianalisis
44.	Undergorund Atlanta	UA/44/57	Dianalisis
45.	Atlanta, Pileuleuyan	AP/45/59	Teu Dianalisis
46.	Nyawang ti Mumunggang	NM/46/60	Dianalisis
47.	Ngaran Anjeun	NA/47/62	Teu Dianalisis
48.	Mijah Sakali. Ti Dinya ...	MSTD/48/64	Dianalisis
49.	<i>Psychedelic</i>	P/49/65	Teu Dianalisis
50.	Satapak, Jalan ka Pasir	SJP/50/66	Dianalisis
51.	Taya Hiji Jandéla nu Muka	TJNM/51/67	Teu Dianalisis
52.	Sampiung	Sa/52/68	Dianalisis

Derizda Sridaryanti, 2021

**ANALISIS STRUKTUR LAHIR JEUNG BATIN DINA KUMPULAN SAJAK
DI TAMAN LARANGAN KARYA SURACHMAN RM**

Universitas Pendidikan Indonesia | repository.upi.edu | perpustakaan.upi.edu

53.	Aya Bulan Ngangkleung Sisi Basisir	ABNSB/53/70	Teu Dianalisis
54.	Beubeulahan Langit Pongpok Buana	BLPB/54/71	Dianalisis
55.	Insékta, di Satukangeun Kaca	ISK/55/72	Teu Dianalisis
56.	Karéta Panungtungan	KP/56/73	Dianalisis
57.	Geus Lawas Maranéhna Lunta	GLML/57/74	Teu Dianalisis

Keterangan kode sajak :

- (1) : Judul Sajak
- (2) : Nomer Urut Sajak
- (3) : Kaca

3.5.2.2 Biografi Singget Pangarang

Maman Surachman Radea atawa nu leuwih dipikawanoh Surachman RM nya éta salah saurang sastrawan Sunda nu lahir di Garut, 13 Séptémber 1936. Surachman kawéntar salaku ahli dina widang hukum lantaran nyangking gelar sarjana hukum lulusan Universitas Indonesia, Universitas Padjajaran jeung neuleuman élmu hukum ogé di Syracuse University College of Law. Nilik kana Riwayat hirupna, Surachman RM teu kungsi diajar neuleuman ngeunaan kasusastraan utamana sastra Sunda. Tapi, ti mimiti sakola SMP, Surachman geus mimiti sok tulas-tulis. Tulisanana aya dina wangun dangding, carita pondok jeung dongéng. Éta tulisan téh nepi ka dimuat dina majalah-majalah jeung surat kabar, boh dina basa Sunda boh dina basa Indonesia. Ku kituna, sanajan Surachman teu kungsi diajar atawa neuleuman élmu ngeunaan kasusastraan Sunda, tapi karya-karyana geus kawilang hadé, teu éléh ku karya-karya sastrawan séjén nu mémang geus ahli dina ngarang sastra dina basa Sunda.

Surachman RM geus nyieun sababaraha tulisan sastra dina wangun sajak, di antarana waé aya buku nu judulna *Surat Kayas* nu diterbitkeun ku Balai Pustaka dina taun 1967, buku nu kadua judulna *Basisir Langit* nu diterbitkeun ku Balai Pustaka dina taun 1976 jeung buku nu katiluna nu jadi objék dina ieu panaglungtikan nyaéta *Di Taman Larangan* nu diterbitkeun ku Kiblat Buku Utama dina taun 2012. Buku kumpulan sajak nu terbit katilu nya éta *Di Taman Larangan* téa, jadi buku kumpulan sajak nu eusi sajak-sajakna nyaritakeun

Derizda Sridaryanti, 2021

**ANALISIS STRUKTUR LAHIR JEUNG BATIN DINA KUMPULAN SAJAK
DI TAMAN LARANGAN KARYA SURACHMAN RM**

Universitas Pendidikan Indonesia | repository.upi.edu | perpustakaan.upi.edu

lalampahan hirup Surachman RM salaku pangarang dina mangsa-mangsa katukang. Katitén dina carita unggal sajak-sajakna teu leupas tina pangalaman hirup waktu pangarang datang ka hiji tempat atawa waktu pangarang ngarandapan hal-hal nu nurutkeun pangarang mangrupa pasualan nu mibanda kalungguhan husus dina haté atawa pikiranana. Ieu hal téh kabuktian tina sajak-sajakna nu nyebutkeun sababaraha tempat nu kungsi kaanjangan ku Surachman saperti di daérah Asia, Afrika, Eropa jeung Amerika.

3.6 Prosedur Panalungtikan

Prosedur panalungtikan mangrupa runtuyan léngkah-léngkah nu kudu dilaksanakeun waktu panalungtikan. Anapon prosedur atawa léngkah-léngkah dina ieu panalungtikan nya éta ieu di handap.

- 1) Milih jeung macaan sumber data panalungtikan. Dina ieu panalungtikan, data anu dipaké nya éta sajak-sajak dina buku kumpulan sajak *Di Taman Larangan* karya Surachman RM.
- 2) Nganalisis struktur lahir nu nyampak dina kumpulan sajak *Di Taman Larangan* karya Surachman RM.
- 3) Ngadéskripsikeun struktur lahir nu nyampak dina kumpulan sajak *Di Taman Larangan* karya Surachman RM.
- 4) Nganalisis struktur batin nu nyampak dina kumpulan sajak *Di Taman Larangan* karya Surachman RM.
- 5) Ngadéskripsikeun struktur batin nu nyampak dina kumpulan sajak *Di Taman Larangan* karya Surachman RM.
- 6) Nyieun kacindekan tina sakabéh data anu geus dipaluruh.